

**WANITA MANDHIRI SAJRONE NOVEL RINGIN GARING
ANGGITANE TULUS SETIYADI
(TINTINGAN FEMINIME)**

Nurma Nurhayati

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

nurmanurhayati@mhs.unesa.ac.id

Latif Nur Hasan, S.Pd., M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Novel *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi minangka riptan sastra kang nggambarake panguripane kenya kang minggat saka omah nanging kasil dadi juragan. Novel kasebut mujudake riptan sastra Jawa Modern kang menehi gambaran ngenani wanita mandhiri tanpa gumantung marang priya lan wong tuwa. Mula novel kasebut bakal digunakake minangka objek panliten. Paedahe panliten iki kanggo nambah kawruh sajrone nliti karya sastra, uga dikarepake bisa menehi pamawas kang linuwih mliginine ngenani riptan sastra kanthi tintingan feminisme. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Dhatane panliten iki arupa tembung lan ukara kang sesambungan karo underane panliten. Tatacara ngumpulake dhata nggunakake metodhe studi kapustakan yaiku maca, nyathet lan riset kapustakan. Tatacara ngolah dhata nggunakake metodhe dheskriptif analisis. Asil panliten iki yaiku ngandharake anane titikan-titikan dadi wanita mandhiri lan cara paraga utama mungkasi prakarane tanpa gumantung marang liyan.

Tembung wigati: Wanita mandhiri lan feminisme

Abstrak

Novel *Ringin Garing* karangan Tulus Setiyadi merupakan karya sastra yang menggambarkan kehidupan perawan yang kabur dari rumah tetapi berhasil menjadi juragan. Novel tersebut merupakan karya sastra Jawa Modern yang memberikan gambaran tentang tokoh wanita yang mandiri tanpa bergantung dengan laki-laki dan orang tua. Maka dari itu novel tersebut akan digunakan sebagai objek penelitian. Manfaat penelitian ini untuk menambah pengetahuan didalam penelitian karya sastra, juga diharapkan bisa memberi wawasan yang lebih khususnya tentang karya sastra menggunakan kajian feminisme. Penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif. Data penelitian ini berupa kata dan kalimat yang berhubungan dengan rumusan masalah. Tatacara pengumpulan data menggunakan metode studi kapustakan yaitu baca, mencatat lan riset kapustakan. Tatacara pengolahan data menggunakan metode deskriptif analisis. Hasil penelitian ini yaitu menjelaskan adanya ciri-ciri menjadi wanita mandiri dan cara tokoh utama menyelesaikan masalahnya tanpa bergantung kepada orang lain.

Kata kunci: Wanita mandiri dan feminisme

PURWAKA

Riptan sastra minangka gegambaran kahanan masyarakat kang ngandharake prakara-prakara sajrone panguripan manungsa. Miturut Najid (2009:6) sastra minangka gabungan kakuwatan kang dinduweni manungsa antarane pamikiran lan pangrasa kang nuwuhake anane kedadeyan. Akeh pangripta sastra Jawa kang ngasilake novel nganggo tema-tema romansa kang nggayutake dhiri pribadine. Ateges sastra nduweni sesambungan karo uripe manungsa. Slaras marang pamawase Teeuw (2013:124) kang ngandharake manungsa bisa diarani minangka pangripta donyane kasusastran. Babagan kasebut nuduhake yen riptan sastra mujudake proses pamikir kreatif panulis kang oleh daya pangaribawa saka kadadeyan kang dideleng lan dirasa dening pangripta. Kaya dene nyritakake pambédane panguripane wanita ing jaman biyen lan jaman saiki.

Sesambungan ngenani wanita kasebut, njalari wanita narik kawigaten kanggo dijingglengi. Saben bab

panguripane wanita mesthi nuwuhake sawijine panemu kang maneka warna. Kaya-kaya wanita ora ana pungkase kanggo dijingglengi. Mula saka kuwi novel kang nyritakake ngenani wanita antuk kawigaten kang linuwih tinimbang liyane.

Anane wanita minangka salah sawijine bab kang luwih narik kawigaten mau njurung tuwuhe panliten marang riptan sastra ngenani wanita. Bab kasebut njurung teori feminisme kanggo ngudal akehe wanita kang nampa rasa kurang adil ing panguripan. Saben wanita nduweni pepenginan kanggo nindakake apa kang dikarepake, nanging kadhang kala ana prakara kang ndadekake wanita ora bebas. Bab kasebut amarga anane pamawas yen wong wadon ora luwih kuwat tinimbang wong lanang. Rasa kurang adil kasebut njurung wanita kanggo merjuwangake rasa adil kanggo panguripane. Melu owah-owahane jaman, wanita nuntut kabebasan kang diarani feminisme.

Perjuwangan hak-hak wanita ing Indonesia diwiwiti dening R.A Kartini (Darni, 2007:11). R.A Kartini merjuwangake hak-hake kaum wanita supaya

antuk kalodhangan kanggo nggayuh pendhidhikan lan pakaryan. Laras karo gerakan feminisme, ing bab sastra uga ana prakara kang padha. Anane tumindak diskriminasi tumrap wanita, pranyata nduweni daya pangaribawa tumrap reription-reription sastra kang tuwuh ing wektu kasebut. Wujud diskriminasi tumrap wanita uga kagambar sajrone reription-reription sastra mligine reription sastra kang ditulis dening pangripta awujud fiksi lumantar cekak, geguritan, novel, lan sapanunggalane.

Jumbuh marang objek kang bakal digunakake sajrone panliten, novel *Ringin Garing* kalebu salah sawijine objek kang ngandharake sesambungan antarane sastra lan wanita. Anane sesambungan kasebut kagambarake menyang reription sastra kang awujud fiksi sajrone novel. Tulus Setiyadi minangka pangripta priya kangnyoba mbusak pandumuk negatip ngenani wanita sajrone novel *Ringin Garing*.

Sesambungan ngenani Tulus Setiyadi, panjenengane minangka pangripta kang isih aktip ngripta reription sastra. Reription sastra kang nate diserat dening Tulus Setiyadi akeh banget kayata *Kidung sukma Asmara* (antologi geguritan), *Gunung Budheg Nyimpen Wadi* (kumpulan cerkak), *Klelep ing Samudra Rasa* (novel), *Dongeng Kancil Kanggo Bocah* (dongeng), *Nilai-Nilai Luhur Budaya Jawa-Sumber Kearifan Lokal* (esai). Semana uga ana antologi cerkak kang digarap bareng-bareng kanggo mengeti HUT kaping-35 Sanggar Triwida kanthi irah-irahan *Ngrembuyung* lan antologi geguritan kanthi irah-irahan *Sakwise Ismet lan Suparta Brata* ing Balai Bahasa Jatim, lan sapanunggalane.

Tulus Setiyadi minangka alumni Universitas Widya Mataram Yogyakarta jurusan Program Studi Teknologi Papan lan Gizi. Wektu kuliyah ing Jogja, panjenengane tansah nglonggarake wektu kanggo sinau marang kabudayan Jawa, awit Jogja minangka pusere Budaya Jawa lan dheweke nate ngudi kawruh ing Padepokan “Gerindra Pancasila Mawahayu Buwana”. Kanggo mepengi anggane sinau kabudayan Jawa, Tulus Setiyadinate nyoba sinau pedhalangan ing “HABIRANDHA” keraton Yogyakarta lan tari klasik gaya Yogyakarta, nadyan kekarone durung bisa rampung.

Novel kanthi irah-irahan *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi kapilih minangka objek panliten amarga nduweni bab-bab kang onjo mligine ngenani emansipasine paraga utama kang dadi punjere crita yaiku Purwati minangka kenya kang gela marang kaluwargane amarga arep dijodhohake karo dhudha sugih ing desane kang umure wis meh seket taunan. Dheweke durung kapingin nandang bale wisma sadurunge dheweke bisa makarya lan nyukupi kabutuhane dhewe. Amarga uga ana bab kang ora kapenak metu saka tutuke dulur-dulure, dheweke kapingin nulak jejodhohan kasebut banjur merjuwangake hak-hake lan minggat menyang Jogja.

Menyang kutha kasebut ora langsung antuk apa kang dikarepake nanging tansaya kedlarang-dlarang amarga ana wong lanang kang arep ngruda peksa dheweke. Kahanan kasebut ndadekake Purwati nemoni Mbah Riyem minangka randha tuwa kang dikenal dheweke nalika lungguh jejer ing jero bis. Sawise kadadeyan kasebut, Purwati urip nunut menyang omahe Mbah Riyem, dheweke uga wis nganggep Mbah Riyem

minangka kaluwargane dhewe. Dheweke akeh antuk wejangan saka Mbah Riyem ngenani maneka warna perjuwangan urip kang tumemen salah sawijine yaiku dadi wong wadon kudu bisa mandhiri lan bisa ngadheg jejeg senajan ora ana priya ing cedhake.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliti nintingi novel *Ringin Garing* yaiku amarga novel kasebut nggambarake tumindak mandhiri saka paraga kang cundhuk marang judhul panliten iki. Saliyane kuwi paraga kang kagambar ing novel kasebut nduweni sipat kang ulet, kendel lan ora gampang nyerah anggone nggayuh kekarepane. Novel kasebut nggambarake perjuwangane wong wadon kang kepengin sukses lan bisa ngadeg dhewe tanpa panjurunge wong tuwa lan embel-embel priya. Saliyane kuwi novel kasebut uga durung nate ditliti mawa tintingan feminisme.

Novel iki narik kawigaten kanggo didadekake objek panliten ngenani wanita kanthi tintingan feminisme. Ancas saka ngudhal bab kasebut kanggo ngerteni kaya apa wanita mandhiri kang digambarake liwat paraga utama kang ana ing novel kasebut. Mula saka kuwi, panliten iki diwenahi irah-irahan Wanita Mandhiri Sajrone Novel *Ringin Garing* Anggitane Tulus Setiyadi Tintingan Feminisme.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

Panliten kang saemper iki dikarepake bakal bisa menehi *referensi* kanggo nyengkuyung dumadine panliten kang bener. Ing jurusan Basa lan Sastra Jawa sajrone Universitas Negeri Surabaya ana patang panliten kang uga nggambarake maneha warna perkara wanita sajrone masyarakat, antarane yaiku:

- (1) Skripsi FBS Unesa dening Devi Agustina taun 2011 kanthi irah-irahan “*Perjuangan Hidup Tokoh Dewi dalam Melawan Ketidakadilan Gender pada Novel “Bandar” (Keluarga, Darah, dan Dosa yang Diwariskan) Karya Zaky Yamani*” iki ngandharake ngenani perjuwangan wanita kanggo nglawan budaya patriarki kang digambarake Agustina sajrone panlitene. Paraga utama kang digambarake minangka korban rudapeksa sawise nolak jejodhohan. Bab kasebut kang ndadekake paraga kasebut nduweni wateg brangas supaya ora diasorake dening masyarakat utamane priya.
- (2) Skripsi FBS Unesa dening Tya Resta Fitriana taun 2014 kathi irah-irahan “*Deskriminasi Tumrap Wanita Sajrone Novel Suminar Anggitane Tiwiek SA (Tintingan Feminisme)*” iki ngandharake wujud deskriminasi kang disandang dening paraga wanita yaiku Suminar. Panliten iki uga jlentrehake carane paraga utama mungkasi tumindak deskriminasi saka patrape paraga wanita. Deskriminasi kang dimaksud yaiku tumindak deksiya kang ditindakake dening paraga priya marang paraga wanita sajrone novel kasebut.

- (3) Skripsi FBS Unesa dening Rissanda Yunida Mihargandini taun 2016 kanthi irah-irahan “*Perjuwangane Wanodya sajrone Sanja Sangu Trebela Anggitane Peni*” ngandharake ngenani kalungguhane wanita lan perjuwangane wanita kang dicritakake sajrone novel kasebut. Saliyane kuwi wanita iki nduweni tekad kanggo mujudake jati dhirine supaya bisa dadi wanita kang dikormati ing satengahe masyarakat.
- (4) Skripsi FBS Unesa dening Inggin Ardina Wahono Putri taun 2018 kanthi irah-irahan “*Citra Wanodya Tandhak Tayub sajrone Novel Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis Anggitane Tulus Setiyadi*” ngandharake ngenani citrane wanita. Citra wanita kang digambarake Inggin sajrone panlitene, mujudake wanita kang ulet lan prigel nalika tandang gawe kang digambarake tumrap wanita kang nduweni prinsip gedhe kanggo nguri-uri kabudayan lan nyekel tanggung jawabe kanthi tumemen nyengkuyung marang kiprahe ing satengahe seni tayub. Panliten iki uga ngudhal bab citrane wanita bab tumanggape priya kang asipat nyengkuyung.

Patang panliten kang diandharake ing ndhuwur nduweni bab kang padha lan pambada karo panliten iki. Bab kang padha yaiku padha-padha nintingi nganggo feminisme lan ngudal bab-bab patriarki marang wanita. Dene bab kang beda yaiku objek panliten. Panliten iki nggunakake novel kanthi irah-irahan *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi kang bakal diandharake bab feminisme ngenani paraga wanita kang kapingin mandhiri amarga maneka warna prakara. Saliyane kuwi panliten iki uga ngandharake kepriye cara mungkasi prakara-prakara kang dialami dening paraga.

Feminisme

Feminisme saka basa Latin, *femina* utawa wanita. Tembung kasebut wiwit digunakake taun 1890-an kang gayut marang teori kesetaraan priya lan wanita uga gerakan kanggo antuk hak-hak wanita (Azis, 2007:78). Feminisme tuwuh saka rasa ora puase wanita marang sistem patriarki kang ana ing masyarakat. Anshori, dkk (1997:27) ngandharake yen feminisme minangka sawijine gerak kang nduweni ancas antarane yaiku: (1) Golek cara kanggo nata nile-nile kanthi ngetutake *persamaan* gender sajrone konteks hubungan memitran universal marang sapa padha-padha, (2) Nolak saben pambada antarane manungsa kang digawe adhedhasar pambada jinis kelamin, (3) Ngilangi sakabehe hak-hak istimewa utawa wewatesan tartamtu adhedhasar jinis kelamin, (4) Ngupaya kanggo mujudake pangakuwan kamanungsan kang asring rata ngenani priya lan wanita minangka dhasar ukum lan aturan ngenani manungsa lan kamanungsan.

Feminisme minangka sawijine gerakan ideologi kang merjuwangake hak-hak wanita sajrone politik, ekonomi, budaya, lan prakara konflik kelas lan ras,

mligine konflik gender. Tembung gender akeh digunakake tumrap masyarakat Jawa senajan salah anggoné mbeber makna. Isih ana panganggep kang ngandharake yen gender minangka kodrat saka Tuhan. Bab kasebut tuwuh saka struktur masyarakat kang patriarkal (Darni, 2015:26). Saperangan peran kang ditindakake wanita sajrone masyarakat yaiku, peran minangka ibu, bojo, objek, seks, kenya lan randha. Lumrahe peran-peran kasebut ditandang dening wanita-wanita tradhisional, sawalike iku wanita nduweni sipat mandhiri kaya dene wanita kang gelem makarya, wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe tanpa gumantung marang wong liya.

Ancase teori feminis yaiku kanggo bongkar kuwasa lan wates-wates pambageyan. Kuwasa kang dimaksud yaiku panggolongan kelas utawa status adhedhasar *genderisasi*. Teori feminis njurung sipat *opresif* lan relasi gender. Sipat *opresif* yaiku sipat kang atos lan nindhes. Feminis saka tembung *femme* (woman, tegese wanita tunggal kang merjuwangake hak-hak kaum wanita minangka kelas sosial). Menawa nganggo pangerten kang luwih amba, feminis yaiku gerakan kaum wanita kanggo nolak sakabehe bab kang *dimarginalisasikan*, *disubordinasikan*, lan direndahake dening kabudayan kang dominan, bisa sajrone politik lan ekonomi utawa panguripan ing satengahe masyarakat (Ratna, 2013:184).

Miturut Gamble (2010:4) sejatine tumindak perlawanan minangka sawijine bab kang sah minangka sipat dhasar feminisme. Feminisme uga diidentifikasi minangka usaha ngadhepi *manifestasi* sistem patriarkal. Nanging, nalika periode taun 1550-1700 ora ditemokake pangrembakane posisi wanita kang disahake sajrone undang-undang. Dene, wanita isih ora nduwe hak resmi sajrone pamrentahan lokal utawa nasional, kalebu hak pilih. Bab kasebut mujudake masyarakat ing jaman kasebut isih ngugemi sistem patriarkal. Pola pikir patriarki yaiku pola pikir kang nganggep wanita lan priya minangka manungsa kang nduwe pambada. Priya kudu nduweni sipat kendel, awak kang rosa, ora gampang nangis nanging yen wanita lumrahe nduweni sipat lembut lan sensitip. Nanging bab kasebut sejatine ora mutlak kanggo wanita utawa priya. Suwe mbaka suwe pola pikir manungsa mesthi owah lan saya ngrembaka.

Saliyane kuwi patriarki minangka wujud saka *hegemoni* priya tumrap wanita kang sasuwene iki ana sajrone masyarakat Jawa. Masyarakat kang nganut sistem patriarki sajrone panguripan bakal mapanake priya ing papan kang dhuwur lan panguwasan priya kang dominan tinimbang wanita (Mulawarman, 2016:32). Bab kasebut nuduhake wanita tansaya terus ana ing papan ngisor utawa katindhes, kamangka sejatine wanita bisa uwal saka sistem patriarki. Sikap lan tumindak kang dilakokake dening wanita kanggo ngindhani patriarki yaiku ngganggu cara menehi pangerten lan nuduhake pendapat ing masyarakat. Mula saka kuwi bidhang ketenagakerjaan kudu ngadhepi pola pikir kang nentang gagasan yen wanita kelas menengah kudu makarya kanggo mertahanake panguripan senajan syarate sawise gagasan kasebut ditampa. Bab kaya mangkono ditandang wanita amarga dheweke kepengin bisa sejajar tumrap

priya lan nggunakake kabeh kabisa supaya bisa nggayuh apa kang dikarepake. Jumbuh marang anggapan Beauvoir (Gamble, 2010:41) manungsa ora lair, nanging kanggo dadi wanita. Ora ana takdir biologis, psikologis utawa ekonomis kang nemtokake blegger wanita sajrone masyarakat. Nanging peradaban kang gawe makhluk kasebut dadi penengah antara priya lan wong kebiri kang dingerteni minangka *feminin*.

Saka andharan kasebut bisa didudut yen feminisme yaiku sawijine gerakan wanita kang nuntut pesamaan hak antara kaum piya lan wanita sajrone filsafat, politik, ekonomi, lan budaya. Feminisme mujudake paham kang merjuwangake wanita minangka manungsa kang mardika. Saengga nyadharake para wanita ngenani eksistensi pribadine. Peran wanita sajrone feminisme diperang dadi loro yaiku peran wanita tradhisional lan wanita mandhiri. Wanita mandhiri ora bisa uwal saka wanita tradhisional, dadi wanita mandhiri uga mbutuhake perjuwangan kang gedhe. Mula peran wanita ora bisa uwal ing babagan feminisme.

Peran Wanita

Kemajuan jaman wis akeh ngowahi pamikiran ngenani wanita. Pamandang wanita kang kudu ngurus omah wis owah bareng karo anane emansipasi wanita. Lumrahe jaman biyen wanita mung nduweni peran minangka bojo lan anak kang ora bisa nyuwarakake pamawase dhewe, nanging jaman saiki akeh wanita kang makarya kanggo nuduhake sejajare marang priya. Nanging bab kasebut ora nutup kamungkinan priya luwih unggul kanthi fisik tinimbang wanita.

Wanita Tradhisional

Wanita tradhisional minangka wanita kang mageri awake dhewe marang budaya njaba. Wanita tradhisional lumrahe digambarake saka wanita kang urip ing ndesa. Miturut Siagian (sajrone Aswiyati, 2016:6) peran wanita ing ndesa diperang dadi loro yaiku, (1) minangka bojo utawa ibu kang nindakake panggawean bale wisma kang ora ngasilake dhuwit, (2) ngewangi utawa ndampingi bojone makarya kanggo golek nafkah. Bab kasebut nduweni tujuwan kanggo mbangun kaluwarga kang tentrem. Nanging isih akeh wanita tradhisional kang ora makarya kaya dene perangan kaping pisan. Alesane maneka warna, salah sawijine yaiku isih kenthele pamikiran sistem patriarki kang ora menehi kalodhangan tumrap wanita kanggo ngrembaka.

Wanita lan priya pancen nduweni peran kang beda saka segi fisik, jinis kelamin, lan kodrat. Bab kasebut nguwatake pamawas yen wanita kang minangka bojo, ibu, lan wanita kang nduweni peran ngurus omah, anak, lan bojo. Suwalike, priya nduweni peran kanggo makarya ana njaba omah kanggo nukupi kabutuhan kaluwargane. Pamawas kasebut ndadekake cundhuk marang andharane Ferguson (sajrone Darni, 2007:29) yen wanita tradhisional yaiku wanita kang gumantung marang priya, ora nduweni daya, lan tumindak bisa ndadekake priya mapan ing ndhuwur. Bab kasebut jumbuh marang tradhisi wanita Jawa kang perane ora bisa tumindak sejajar karo priya.

Sejatine, wanita kang ngurus bale wisma nduweni kalungguhan kang dhuwur. Wanita dituntut

kudu bisa menehi rasa ayem marang bojo. Kasuksesan bale wisma uga ora bisa uwal saka rasa ayem lan kabagyan kang dituwuhake saka wanita minangka bojo lan ibu. Miturut (Darni, 2015:28) pakaryan wanita domestik kasebut samesthine antuk pakurmatan kang adil. Nanging suwalike wanita kang urip ing ndesa ora antuk tumindak kang adil. Utamane wanita kang durung nikah bakal antuk pamawas kang ora kepenak saka lingkungan amarga kodrate wanita tradhisional iku mung nduweni kuwajiban ngurus bale wisma (Suwarni, 2014:22). Pamawas kang kaya mangkono ndadekake wanita saya kajiret dening sistem budaya lan adoh saka panguripan kang modern. Sistem-sistem budaya kang lumaku ing padesan umume nuduhake utawa nggambarake wujud dominasi kang luwih ngasorake drajate wanita.

Miturut Darni (2015:27-30), saka kekurangan pihak wanita kasebut, priya menehi sipat-sipat kang dituduhake tumrap wanita kanggo nyenengake hasrate, kayata sipat gampang nyerah, pasif, nurut, gumantung marang liyan, ora mampu nindakake samubarang kanthi mandhiri, lan kurang *inisiatif*. Bab kasebut nuduhake senjata wanita nggayuh pendhidhikan sadhuwur-dhuwure, panggonane tetep ana mburi ngurusi balewisma amarga anane pamikiran kang kaya mangkono.

Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen wanita sejatine bisa kayadene priya kang dadi dadi wanita mandhiri yaiku wanita kang makarya lan ora gumantung marang priya. Wanita kang kasebut ora mung dicap ngayahi tugas-tugas domestik kayata pawon, sumur, lan kasur. Pamikiran negatip marang wanita kasebut njalari wanita manggon ana ing posisi kang luwih asor jroning masyarakat, dene priya manggon ana ing posisi kang luwih dhuwur sajrone sakabehe aspek panguripan ing masyarakat. Senajan kaya mangkono wanita nduweni hak antuk tumindak kang adil ing satengahe masyarakat.

Wanita Mandhiri

Sistem budaya patriarki dirasa nuntut wanita Jawa dadi wanita kang ora bisa aktif ing bebrayan. Sipat pasif lan manut marang prentahe priya nyengkuyung wanita nduweni pribadi kang tundhuk marang budaya patriarki. Budaya patriarki kang wis ana ing bebrayan Jawa wiwit nenek moyang nuwuhake rasa greget tumrap wanita kanggo merjuwangake hak-hak lan kalungguhane. Semana uga peran wanita owah dadi wanita kudu bisa mandhiri lan aktif ing jaman modern.

Miturut Darni (2015:235) wanita bisa diarani mandhiri yen dheweke bisa nyukupi kabutuhane dhewe lan kaluwargane. Wanita bakal nduweni prinsip kang cetha lan teges yen wanita nduweni latar pendhidhikan kang nyukupi. Para wanita mandhiri kang makarya ing njaba omah lan pikantuk upah umume nduweni peran gandha. Kahanan kang kaya mangkono akeh disandhang dening wanita kelas mangisor kang umume makarya ana pabrik, buruh, pembantu, lan sapanungale (Darni, 2015:33). Bab kasebut dirasa amarga jaman modern nuntut wanita kudu nduweni sikap aktif kang bisa njunjung dhuwur mutu panggawean, sikap wanita modern kang luwih aktif bisa menehi pamawas-pamawas ing panggonan makarya. Jumbuh marang pamawase

Bernadip sajrone Pujiyanti (2012) yaiku ciri-ciri pawongan kang mandhiri yaiku nduweni sikap *inisiatif*, nduweni sikap aktif, nduweni rasa puas marang panggaweane lan bisa nindakake kuwajiban tanpa disetir pawongan liya.

Pawongan kang bisa aktif srawung marang lingkungan, bisa netepake nasibe dhewe, nduweni *inisiatif*, kreatif, diwasa nuduhake maneka warna ciri pawongan kang mandhiri. Saliyane kuwi pawongan kang mandhiri bisa ditengeri saka rasa tanggung jawabe sawijine pawongan, rasa percaya dhiri kang gedhe, lan sapanunggalane. Jumbuh marang pamawase Spencer lan Kass (sajrone Ali, 2005) kang nuduhake ciri-ciri pawongan mandhiri yaiku, (1) *inisiatif*, (2) bisa ngrampung prakara dhewe, (3) tekun, (4) bisa puas marang panggawean utawa asil usahane, lan (5) ora gumantung marang liyan. Bisa didudut yen pawongan kang mandhiri yaiku pawongan kang nduweni rasa percaya dhiri marang kemampuane, dheweke uga nduweni prinsip marang uripe saengga bisa nindakake tumindak apa wae tanpa gumantung marang liyan.

Miturut Hartatik (2015) ngandharake pawongan kang mandhiri bisa diperang lan dijlentrehake kanthi cetha kaya dene ing ngisor iki:

- (1) Percaya marang awake dhewe, tegese dheweke percaya yen dheweke saguh kanggo mujudake kekarepane.
- (2) *Inisiatif*, pawongan kang kaya ngene bakal nindakake panggawean tanpa disetir dening pawongan liya.
- (3) Bisa ngrampung prakarane dhewe.
- (4) Bisa mertahanake prinsip kang dinduweni.
- (5) Bisa ndudut keputusan kang becik kanggo awake dhewe tanpa gumantung marang liyan.
- (6) Bisa ngatur dhuwit dhewe adhedhasar kabutuhane.
- (7) Bisa nindakake *transaksi* ekonomi (bisa dicakake nalika kepengin mbukak usaha).
- (8) Bisa nemtokake gegayuhan kanggo panguripane ing tembe mburi.
- (9) Ora gumantung marang liyan. Utamane nalika rumaja ora gumantung marang wong tuwane sajrone nyukupi kabutuhan emosi.
- (10) Nduweni tekad kang mantep marang sawijine kekarepan kang pengin digayuh.
- (11) Ngrasa puas marang kaputusan kang digawe.
- (12) Bisa ngatur wektu kanthi becik, pawongan kang kaya mangkono bakal manfaatake wektu kang lodhang kanggo nindakake panggawean kang migunani.
- (13) Bisa nindakake tanggung jawab kanthi trep.
- (14) Bisa ngendhani pangaribawa negatif ing panguripane.
- (15) Bisa nrima panyaru saka wong liya utawa wejangan saka wong tuwa.
- (16) Bisa nuduhake pamawase dhewe.
- (17) Bisa sesambungan kanthi becik marang wong liya.

Ana faktor-faktor *eksternal* kang njurung pawongan dadi mandhiri yaiku saka segi kabudayan. Miturut (Sarwono, 1998) kabudayan kang beda ndadekake pambada nile-nile kang ana ing lingkungan masyarakat. Saengga sikap lan adat saben dinane masyarakat tartamtu nduweni pambada karo masyarakat liyane. Tuladhane wanita kang ana ing kutha *metropolitan* kang lumrah marang panguripan kang instan beda dening wanita kang ana ing ndesa. Saliyane kuwi para ahli uga ngandharake tingkat pendhidhikan lan status sosial ekonomi uga dadi panjurung anane manungsa kang mandhiri. Panguripan wong tuwa kang asale saka tingkat pendhidhikan kang luwih asor lumrahe mulangake nile kemandhirian kang luwih dhuwur marang anake amarga winatese samubarang kang dinduweni.

Adhedhasar andharan ing nduwur bisa kadudut yen wanita mandhiri yaiku wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe tanpa gumantung marang liyan. Wanita kang diarani mandhiri nduweni salah sawijine aspek kang nyengkuyung yaiku pendhidhikan kang memadai. Pendhidhikan nduweni peran penting kanggo njurung kemandhirian wanita. Dhuwure tingkat pendhidhikan wanita kang diayahi uga mangaribawani dhuwure pakaryan wanita. Pendhidhikan bisa ngadohake wanita saka sistem patriarki lan kekarepane wong tuwa kanggo njodhohake. Mula saka kuwi, pendhidhikan kuwi nduweni bab kang penting kanggo wanita supaya ora diasorake dening liyan.

Kritik Sastra Feminisme

Kritik sastra feminisme yaiku dhasar supaya wanita bisa nduweni pendhirian dhewe ngenani riptan sastra. Tegese wanita sejatine bisa maca lan nafsirake sastra minangka wanita (Suharto, 2015:202). Kritik sastra feminisme nduweni pepenginan anane keadilan lan kesetaraan gender sajrone ngerteni karya sastra utawa panulise. Saliyane kuwi kritik sastra feminisme uga fokus marang analisis lan penilaian marang *eksistensi* panulis wanita sajrone panulisan karya sastra kang luwih amba. Tujuwan saka kritik sastra feminisme dhewe yaiku supaya bisa mbantu pamaca bisa ngerteni lan nafsirake, dheskripsikake, lan menehi nile-nile saka riptan sastra kang ditulis dening pangripta.

(a) Wanita Minangka Pamaca (*Woman as a Reader*)

Miturut Showalter sajrone (Darni, 2007:39) wanita minangka pamaca saka riptan sastra. Tegese wanita minangka konsumen tumrap riptan sastra kang diasilake saka panulis priya. Miturut Culler sajrone (Suharto, 2015:7) wanita minangka pamaca yaiku kesadharane pamaca yen pambada kuwi wigati sajrone jinis gender sajrone makna lan tumindak makna riptan sastra. Menawa digayutake marang pangerten kritik sastra feminis saka pamawase Yoder sajrone *metafora quilt*, kesadharan pamaca sajrone kerangka kritik sastra feminis mujudake kritik kanthi maneka warna metodhe. Nanging, bab kang utama yaiku wanita minangka pamaca dipapanake menyang kesadharan yen ana pambada jinis kelamin kang mangaribawani dunia sastra.

(b) Wanita Minangka Panulis (*Woman as a Writer*)

Miturut Showalter sajrone (Darni, 2007:39) wanita ora mung minangka pamaca wae. Wanita uga bisa minangka panulis saka riptan sastra kang diasilake. Asile riptan sastra kang ditulis dening wanita kasebut banjur bisa dinikmati dening kaum priya utawa wanita dhewe.

METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliten kualitatif. Miturut Suharto (2015:22) panliten kualitatif yaiku dheskripsikake status lan peran paraga wanita sajrone kaluwarga, masyarakat, lan lingkungan liyane, kaya dene digunakake kanggo nitingi fakta-fakta sosial kayadene kang ditafsirake dening subjek. Objek panliten sajrone panliten kualitatif ora mujudake kedadeyan sosial minangka wujud *subtansif*, nanging makna-makna kang kinandhut sajrone tumindak kang njalari tuwuhe kedadeyan sosial kasebut. Sajrone ilmu sastra, sumber dhatane yaiku karya sastra utawa naskah. Dhata panlitene minangka dhata formal yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana.

Metode kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metode dheskripsi analisis. Miturut Aminuddin (1990:15) dheskriptif kualitatif tegese yaiku data kang dititingi lan asli tintingne awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variabel. Sajrone *perspektif* sastra feminisme, metode iki minangka gabungan antarane metode analisis lan metode dheskriptif. Metode analisis sajrone feminisme digunakake kanggo nganalisis dhata, dene metode deskriptif digunakake kanggo ngandharake rantaman prastawa kang kadadeyan sajrone riptan sastra.

Sumber dhata lan dhata mujudake salah sawijine peranan kang wigati sajrone panliten. Sumber dhata kaperang dadi 2 jinis, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder (Arikunto, 2006:128). Panliten iki nggunakake sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku novel *Ringin Garing* anggitané Tulus Setiyadi. Novel iki anyar cetakan taun 2017 kang kacithak dening CV. Pustaka Ilalang Jln. Airlangga No.3 Sukodadi Lamongan kanthi kandel novel 150 kaca. Novel iki wutuh ora ringkesan, nggunakake basa Jawa modern, dudu pethilan, satembung wae ora ana kaowahan kabeh mligi seratane Tulus Setiyadi.

Dhata panliten iki awujud gegambarane panguripan wanita sajrone novel *Ringin Garing* anggitané Tulus Setiyadi awujud ukara utawa paragraf kang relevan karo underane panliten. Data kasebut nduweni paedah kanggo *mempredhal* analisis ngenani wanita mandhiri sajrone novel.

Miturut Arikunto (2006:149) instrumen panliten mujudake piranti-piranti kang digunakake sajrone panliten supaya cundhuk klawan metode kang ditrepake. Instrumen saka panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nindakake lan nitingi panliten iki.

Pangumpulan dhata minangka peranan kang wigati sajrone panliten. Asile lan dudutan saka sawijine panliten gumantung marang asil pangumpulan dhata. Tata cara nglumpukake dhata dhasare yaiku ngumpulake

fakta-fakta empirik kang gegayutan karo prakara-prakara sajrone panliten. Miturut Faruk (2012:25), sumber dhata awujud teks nglumpukake data kanthi nggunakake studi kapustakan utawa dokumen. Dheweke uga nambahake menawa teknik studi kapustakan digunakake kanggo nemokake maneka sumber kang gegayutan karo dhata panliten. Dene teknik kanggo nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku cara maca, nyathet lan riset kapustakan.

Ana sawetara tahap-tahap sajrone tata cara nglumpukake dhata kang kudu ditindakake, ing antarane yaiku:

- (1) Maca bola-bali novel kang dadi objek panliten yaiku novel *Ringin Garing* anggitané Tulus Setiyadi supaya bisa ngerteni luwih jero unsur-unsur kang arep dianalisis lan pikantuk pangerten ngenani apa kang satemene digambarake pengarang sajrone novel kasebut.
- (2) Nyathet maneka cuplikan saka novel arupa tembung-tembung lan ukara kang ngrujuk marang undherane panliten ngenani wanita mandhiri.
- (3) Klasifikasi dhata kanthi cara milah-milah dhata kang trep lan laras karo undherane panliten.

Kagiyatan kang ditindakake sawise panliti nyeleksi dhata kang selaras karo kriteria kang arep ditliti (Siswanto, 2004:48). Data kang wus diseleksi lan diperang-perang kanthi klompok tartamtu laras karo kriteria kang ditliti, banjur dhata kasebut tansah digarap dening panliti. Kanthi migunakake teknik dheskriptif analisis iki, panliti bisa ngandharake asiling panliten kanthi cetha lan gamblang miturut objek kang dipilih. Saliyane kuwi panliten uga dikarepake bisa menehi gegambaran kang *faktual* lan *akurat* sarta pamahaman kang linuwih. Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki, yaiku:

- (1) *Identifikasi* tegese sadurunge nganalisis dhata miturut undherane panliten, panliti tansah nindakake *identifikasi* tumrap dhata panliten kang bakal dilaksanakake. Dhata kang dikarepake yaiku dhata kang asipat primer uga sekunder. Dhata primer arupa novel *Ringin Garing* anggitané Tulus Setiyadi, dene dhata sekunder arupa buku-buku referensi, laporan panliten kang relevan karo undherane panliten.
- (2) Nglasifikasi dhata adhedhasar underane panliten.
- (3) Nganalisis wanita mandhiri sajrone novel *Ringin Garing* anggitané Tulus Setiyadi kanthi tintingan feminisme. Sajrone panliten feminisme iki mbutuhake konsep feminisme.
- (4) Menehi dudutan asil analisis dhata adhedhasar analisis dhata.

Panliten iki nduweni tata cara anggone ngrampungake panliten. Kaping pisan tahap panyiapan yaiku tahap kanggo nyiapake piranti-piranti kang dibutuhake sajrone panliten. Banjur tahap palaksanaan

minangka tahap kanggo nintingi objek panliten kang gegayutan karo undherane panliten kang wis ditemtokake sadurunge ing tahap panyiapan. Tahap palaksanaan iki nindakake analisis dhata tumrap onjek panliten kang selaras karo andharane panliten.

Tahap panyampurnan minangka tahap kang pungkasan. Kagiyanan kang ditindakake ing tahap panyampurnan yaiku panliti nyusun analisis kang arupa laporan akhir. Bab iki nduweni tujuwan supaya pikantuk asil laporan kang manut tata carane panulisan kang trep.

ANDHARAN

Gegambaran Wanita Mandhiri sajrone Novel *Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi*

Mandhiri ora mung bisa dideleng saka tumindak, nanging uga saka sipat kang dinduweni sawijine pawongan. Wanita kang nduweni pikiran kang jembar kanggo ngrampung prakara uga nuduhake wanita mandhiri. Nanging, wanita mandhiri dudu wanita kang ora nduwe kakurangan. Wanita mandhiri uga manungsa lumrah kang winates saka segi kakuwatan, ati, lan pikiran.

Bernadip (sajrone Pujiyanti, 2012:4) ngandharake ciri-ciri pawongan kang mandhiri yaiku nduweni sikap *inisiatif*, nduweni sikap aktif, nduweni rasa puas marang panggaweane lan bisa nindakake kuwajiban tanpa disetir pawongan liya. Pamawas ngenani wanita kang mandhiri kuwat ana ing novel *Ringin Garing* tegese kudu bisa nemtokake kabagyanane dhewe. Wanita mandhiri *identik* marang wanita kang urip ing jaman modern. Tegese ora gumantung marang liyan senajan dheweke isih njunjung dhuwur tradhisi tradhisional. Wanita kudu nduweni rasa percaya marang awake dhewe tanpa gumantung marang liyan kanggo nemtokake pepesthen.

Panganggit nggambarake paraga utama wanita minangka kenya kang pengin bisa nyukupi kabutuhane dhewe tanpa gumantung marang wong tuwa, dulur-dulure lan priya. Gegambaran ngenani wanita mandhiri kang ana ing novel *Ringin Garing* kang sabanjure katulis RG kasebut bakal diandharake kanthi cetha ing ngisor iki.

Makarya

Darni (2015:226) ngandharake wanita bisa diarani mandhiri yen dheweke bisa nyukupi kabutuhane dhewe lan kaluwargane. Paraga utama wanita kang aran Purwati sajrone novel *Ringin Garing* mujudake pawongan kang mandhiri kang dibuktekake dheweke kanthi cara makarya. Bab kang mangaribawani dheweke makarya yaiku amarga dheweke kepengin mbukak angkringan, nanging ora nduwe modhal kanggo mbukak angkringan dhewe. Bab kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Dadi buruh gendhong

Nyambut gawe apa wae dilakoni dening Purwati sing penting bisa antuk asil kanggo urip saben dinane. Kalebu nyambut gawe dadi buruh gendhong. Nyemplunge Purwati nyambut gawe kasebut amarga dheweke melu Mbah Riyem kang ngayahi panggawean

kasebut. Purwati kenal karo Mbah Riyem nalika lungguh jejor ana njero bis tumuju menyang Jogja.

Pangirane Purwati melu Mbah Riyem menyang pasar menawa ing pasar kancane akeh lan bisa jejagongan. Tekan pasar, Purwati kamitenggengen nyawang polahe Mbah Riyem kang nggendhong karung isi janganan saka motor trek kang lagi teka. Katon yen Mbah Riyem munggah mudhun lan mlaku mrana-mrene. Lakune bungkok nganti napase ngos-ngosan gawe rasane Purwati ora tegel nyawang wong tuwa kasebut nyambut gawe abot. Sakawit kepengin ngewangi nanging dheweke tukul sara isin. Nanging meruhi Mbah Riyem kang wis tuwa sajak semangat, dheweke dadi isin menawa mung nyawang wong tuwa kasebut rekasa. Purwati banjur mbuwak rasa isine lan age-age nggenteni panggaweane Mbah Riyem.

Entuk telung gendhongan napase Purwati wis kaya pedhot-pedhota. Kringete kemrutus kaya diperes. Batine jebul dadi kuli gendhong kuwi ora gampang lan rekasa. Alon-alon Purwati nutugna panggaweyane bareng kuli gendhong liyane. (Tulus, 2017:32)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Purwati ngayahi dadi buruh gendhong kanggo nggenteni Mbah Riyem. Purwati ora ngira yen dadi buruh gendhong kuwi rekasa banget. Apa maneh hawane nalika kuwi panas ndadekake krasa ngelak banget. Ora sawetara suwe barang-barange wis mudhun saka trek kasebut. Bubar tandang gawe, awake Purwati krasa lemes. Dheweke mung plorak-plorok ngempet awake kang kesel kabeh. Sakala Purwati nibake awake ing sandhinge Mbah Riyem karo sendhen tembok. Nyawang polatane Purwati kang sajak pucet ndadekeka Mbah Riyem nggolekne tahu bacem lan teh anget ing warung cedhak kono supaya tenagane Purwati pulih maneh. Purwati langsung mangan lan ngombe teh kasebut sinambi Mbah Riyem ngadeg marani kancane kang lagi andum bayaran saka juragan janganan maeng. Rasa lemes Purwati durung kabayar kanthi lunas tansaya digawe kaget nalika dheweke weruh bayarane dadi buruh gendhong kang rekasa banget ora sepira.

Dadi tukang pijet

Sajrone novel RG anggitane Tulus digambarake yen Purwati nekad ngayahi panggawean dadi tukang pijet ing cedhak Pasar Kembang. Panggawean kasebut kalebu panggawean kang cedhak bebaya. Amarga kanggo kenya kaya dene Purwati pancen ora samesthine nyambut gawe mangkal menyang pinggir dalan kaya mangkono. Nanging amarga tekade Purwati kang kepengin makarya gedhe ndadekake dheweke nekad ngayahi panggawean kasebut.

Purwati tambah penasaran, pikire umpama dadi tukang pijet mesthi ora apa-apa waton bisa njaga dhiri. Jaman saiki apa sing bisa dilakoni kudu ditandangi, tinimbang mati kaliren. (Tulus, 2017:51)

Purwati mung ijen ngalor ngidul tanpa kanca. Kadhang kala thukul rasa sepi amarga ora ana kang diajak guneman maneh. Bab kasebut ndadekake dheweke nekad mara menyang stasiun tugu cedhake pasar kembang. Alon-alon dheweke nyedhaki panggonan

wong-wong kang lagi lelungguhan ana kono. Kanthi rasa mangu-mangu Purwati banjur takon marang ibu-ibu setengah tuwa kang dadi tukang pijet ing kono.

Kenya kasebut kandha yen dheweke kepengin dadi tukang pijet. Ibu-ibu kang aran Mbah Karti kasebut sajak ora percaya yen Purwati bisa mijeti. Kanggone wanita isih enom ora pantes yen nyambut gawe kaya mangkono. Nanging meruhi yen Purwati nduweni pepinginan kang gedhe, Mbah Karti nyoba ngongkon Purwati supaya mijeti dheweke. Kaya kang katuduhake lumantar pethikan ing ngisor iki.

Alon-alon Puwati mijeti pundhak lan bangkekane ibu kuwi. Wong setengah tuwa kuwi sajak ngrasakna kepenak karo ngesas-ngeses kala-kala nuduhna sing kudu dipijeti. Udakara sakjam wis rampung anggane mijet Banjur wong setengah tuwa kuwi ngulungna dhuwit rongpuluh ewu rupiah. (Tulus, 2017:52)

Sakawit Purwati langsung seneng ngayahi panggawean kasebut. Nanging rerasan kang ora kepenak kudu ditampa dening Purwati. Purwati uga ora maido menawa papan panggaweane wae cedhak papan kang kerep kanggo tumindak nistha. Satenane Purwati sadhar, nanging batine tetep ngupaya teguh waton dheweke ora melu-melu dadi wong kang seneng ngucul tapih turut dalan. Purwati uga sadhar yen kala-kala pancen karepe manungsa kuwi kalah karo kanyatan. Senajan Purwati nduweni tekad kenceng kanggo njaga kasucene nanging pancen ana wae godha kang arep ngrusak marang dhirine. Nganti dheweke ameh diprasaja dening pelanggan minangka tamu ing hotel cedhak kono. Untung dheweke bisa endha lan nylametake dhiri saka priya kang ora tanggung jawab kasebut. Sakabehe kuwi dilakoni dening Purwati supaya dheweke bisa antuk dhuwit kanggo modhal mbukak usaha kang dikarepake.

Bisa Mungkasi Prakara Dhewe

Bisa mungkasi prakara dhewe kang dimaksud ing kene yaiku babagan asmara. Gegambaran kasebut digambarake nalika dheweke nolak priya ora lumantar rupa. Ora akeh wanita kang bisa mungkasi prakarane dhewe utamane ngenani katresnan. Bisa mungkasi prakara ing kene ditegesi yen paraga wanita kasebut ora mentingake awake dhewe nalika nduwe ana masalah. Pawongan kang kaya mangkono lumrahe ngupaya supaya bab kang ditindakake adil kanggo wong liya lan dheweke, semana uga pocapane. Dheweke bakal njaga apa kang diungkapake tanpa gawe kuciwane liyan.

Sesambungan karo bab kasebut ngenani Purwati kang saiki mbangun restaurant nganthi katon megrong-megrong ora uwal saka priya liya kang aweh tetulung marang dheweke. Priya kasebut sinebut Rony. Kaya kadadeyan sadurunge, Rony nduweni rasa tresna marang Purwati. Senajan dheweke wis nduwe anak lan bojo nanging dheweke isih mantep ngajak Purwati nikah. Nanging, Purwati nolak kanthi wicaksana kang dituduhake pethikan ing ngisor iki.

“Hmmm... nuwunsewu Mas Rony, sampun kesesa mundhut kaputusan kaya ngono. Saiki ibu ditambahna wae supaya bisa mari. Eman,

panjenengan wis kagungan putra. Kabeh dipikir sing mateng aja nuwuhake kuwica ing mburi.”

“Dhik Pur, aku ora kurang-kurang anggonku golek usada kanggo ibune bocah-bocah. Dene nganti saiki durung katemu tambane piye maneh.”

“Sabar Mas... dicoba maneh. Mangke kula rewangi pados tamba inggih Bu Sulis,” ucape Purwati karo mesem. (Tulus, 2017:138)

Sejatine Purwati uga tresna marang Rony. Nanging dheweke ora kapengen ana wanita liya kang lara ati apa maneh amarga tumindake. Dheweke uga jejere wanita, menawa nganti ditatoni dening wanita liya wis weruh kayangapa rasane. Ngelingi nalika dheweke ditatoni dening Awan kang milih ngrabi wanita liya amarga wis mbobot dhisik. Lakone kang kaya mangkono wis cukup kanggo alasane dheweke supaya ora nantoni liyan. Senajan lakone babagan asmara ruwet, nanging ora ndadekake Purwati grusa-grusu lan lali marang tumindak becik ing satengahe masyarakat. Dheweke ora kapengen getun ing mburi amarga nuruti karepe napsu. Apa maneh nyawang kahanan bojone Rony kang sajak lara-laranen sajak komplikasi. Kanggone Purwati mung wanita kang ora nduwe ati kang gelem natoni atine wanita liya kang ora nduwe daya apa-apa.

Bab kang Njurung Paraga Utama Dadi Wanita Mandhiri sajrone Novel *Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi*

Wanita rela ngorbanake apa wae kanggo merjuwangake hak-hake lan nggayuh kecarepan liyane. Sawalike kuwi, wanita mesthi nduweni alasan dheweke kepengin dadi wanita kang mandhiri. Bisa amarga asring diasorake dening pria, bisa uga amarga tuntutan ekonomi kaluwarga kang mbutuhake wragat kang gedhe. Faktor-faktor manungsa owah dadi pawongan kang mandhiri nduwe pengaruh saka rong golongan, yaiku faktor *internal* (faktor kang digawa wiwit lair) lan faktor *eksternal* (faktor saka lingkungan).

Paraga utama sajrone novel RG kang aran Purwati nduweni alasan kang njurung dheweke dadi wanita kang mandhiri. Bab-bab kang njurung dheweke dadi wanita kang mandhiri didhasari saka faktor *ekstrenal* yaiku saka faktor lingkungan utamane saka kaluwargane dhewe. Sejatine lingkungan kaluwarga nduweni papan kang penting kanggo ndhidhik manungsa dadi pawongan kang mandhiri. Lelakon kang wis kepungkur ndadekake Purwati grumegah merjuwangake hak-hake lan ngangkat drajate minangka wanita mandhiri lan ora gumantung marang liyan ing satengahe masyarakat.

Disiya-siya Kaluwarga

Kaum wanita mesthi ngidam-idamake keadilan ing satengahe masyarakat. Lumrahe wanita kang isih ngugemi sistem patriarki kang ngidam-ngidamake keadilan kasebut. Sistem patriarki kang asring ndadekake wanita diasorake kaya dene *kekerasan* tramap wanita, *kebodohan*, *pelecehan seksual*, lan sapanunggalane minangka faktor kang njalari wanita pikantuk tumindak kang ora adil. Bab kang kaya mangkono mujudake asore drajate wanita ing satengahe masyarakat banjur ndadekake wanita asring antuk respon kang negatip saka

pamrentah. Mula saka kuwi gerakan feminisme tuwuh kanggo merjuwangake hak-hake wanita supaya pikantuk keadilan.

Uripe Purwati kebak tatu amarga pocapan kang asring metu saka tutuke dulur-dulure. Ora ana kang mbela dheweke amarga bapake wis seda lan kari simboke kang ringkih asring lara-laranen ndadekake ora wani mbela Purwati. Lakon kaya mangkono nuduhake yen Purwati sajak disiya-siya dening kaluwargane. Kaya dene kang dituduhake lumantar pethikan ing ngisor iki.

“.... Umpama kaluwargamu ora dakrewangi apa bisa mangsan.... Wong cengoh, guoblok wae arep neka-neka, uripmu kuwi mung nunut.... Bocah ora nggenah banjur arep dadi apa...” swara-swara kang kerep metu saka tutuke pak cilice, budhene lan bulike kuwi sajak terus njeuwung rasane. Patuta kupinge panas lan atine kaya diiris-iris. Pikirane ngenes nganti luhe dumlewer mbanjiri pipine. Praupane bengeb ngempet kahanan. (Tulus, 2017:1)

Swara-swara kang nylekit kasebut asring ditampa Purwati kanthi ngenes. Kamangka dheweke nduwe hak kanggo njaluk sawah kang digarap dening dulur-dulure kang wis kepungkur. Dheweke kepengin nyewakna sawah kasebut kanggo paitan nyambut gawe lan ngowahi nasib. Nanging kang diarep-arep Purwati ora padha karo kasunyatan lan panampene dulur-dulure.

Purwati digambarake minangka wanita kang ora gelem maneni wong tuwa nganggo pocapan kang ora kepenak. Dheweke asring gela nanging isih ikhlas ndeleng pancen wiwit cilik dulur-dulure kasebut pancen asring awèh tetulung kanggo nyekolahne dheweke nganti lulus SMK. Nanging ana bab kang gawe luwih gela atine Purwati nalika dheweke sambat marang simboke. Tujuwane dheweke supaya simboke bisa mbela dheweke nalika dulur-dulure ndadekake atine gela, nanging asile ora padha kaya apa kang dikarepake dening Purwati. Dene Purwati tansaya ngrasa disiya-siya lan ora dieman dening kaluwargane.

Saiba mangkele marang sikape simboke kuwi, sing ora gelem awèh panyengkuyung. Saben dina menawa ketemu budhe lan lik-like mung diploroki, batine Purwati dadi gela lan nyimpen rasa dhendham. (Tulus, 2017:2)

Lumrahe ibu nuduhake rasa tresnane marang anak-anake. Ora ana ibu kang ora tresna marang anake lan kepengin anake urip mulya. Nanging ora kaya kang dirasakne dening Purwati. Ibu kang asring sinebut simbok ora awèh panyengkuyung marang Purwati nalika dheweke disemprot karo swara-swara kang ora ngepenakna dening dulur-dulure. Sejatine sikape simboke kang kaya mangkono ora ateges yen simboke ora tresna marang Purwati, nanging amarga simboke ora bisa tumindak apa-apa amarga kerep lara-laranen. Karepe simboke supaya manut wae apa kang dikarepake dulur-dulure tinimbang dadi rame. Nanging beda karo panampene Purwati kang wis kadhung mangkel marang dulur-dulure. Batine tansaya gela lan nyimpen rasa dhendam kang jero.

Minggat saka Omah

Sejatine sabar kang ana ing diri pribadhiné saben manungsa kuwi ora padha, gumantung marang bisa orane manungsa kasebut ngendakake rasa mangkele. Sawijine masalah yen diadhepi kanthi ati lan pikiran kang sareh bisa nuwuhake dalan kanggo uwal saka masalah kanthi becik. Yen manungsa ndidik awake dhewe dadi manungsa kang gampang nglokro lan ora sabar ndadekake manungsa kasebut nuwuhake *kegagalan* sajrone urip kang dilakoni. Kaya dene lakone paraga utama aran Purwati kang nduweni wateg ora sabaran anggone nuntasi prakara kang dilakoni. Dheweke milih minggat saka omah tanpa dipikir luwih mateng maneh.

Nadyan sugih nanging dhudha lan anak lima cetha jomplang. Dibandhing simboke wae isih tuwa modin kuwi. Temahan rame dadi pasulayan nganti Purwati minggat saka omah. (Tulus, 2017:2)

Sejatine, tumindak kang dilakoni Purwati nuduhake tumindak kang ora becik. Kamangka kabèh masalah kuwi bisa dipungkasi kanthi sareh. Bisa uga amarga Purwati kang umure durung macik rongpuluh taun banjur durung bisa ngempet rasa mangkele. Alasan liyane uga simboke kang ora awèh panyengkuyung malah tansaya serengen nalika dheweke lagi mbutuhake pambela sawise diuneni tembung kasar dening dulur-dulure. Nanging, minggate Purwati saka omah ndadekake dheweke dadi wanita kang mandhiri. Wanita kang berjuwang dhewe kanggo urip luwih mapan, luwih maju tinimbang sadurunge.

Pepalang kang Diadhepi Paraga Utama sajrone Novel Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi

Pepalang yaiku sabab musabab kang ndadekake ora kaleksanane sawijine pangangen-angen. Manungsa kang kepengin sukses lan mandhiri mesthi ana pepalang kang kudu diadhepi. Pepalang kang ana gumantung marang gedhe orane pangangen-angen kang kepengin digayuh saben manungsa. Nalika ana pepalang kang kudu diadhepi, samesthine manungsa kudu berjuwang supaya bisa mujudake kekarepane.

Paraga utama sajrone novel RG anggitane Tulus digambarake minangka wanita kang nduweni sipat juwang kang gedhe. Dheweke kepengin merjuwangake hak-hake supaya bisa urip luwih maju. Lakon urip kang diadhepi dening paraga wanita kasebut nemoni pepalang kang maneka warna. Nanging ora ndadekake kendho semangate kanggo berjuwang lan mbuktekake marang kaluwargane kang wis ngasorake dheweke minangka wanita.

Ora Antuk Panyengkuyung

Anggone Purwati kang kepengin nyambut gawe lan mandhiri supaya bisa nyukupi kabutuhane karo simboke ing ndesa dirasa wis suwi nalika wis lulus SMK. Kanggo paitan nyambut gawe, Purwati kepengin ngedol sawah tinggalane swargi bapake. Sawah kang ambane mung seprat kuwi digarap dening dulur-dulure. Nanging kahanan kang ndadekake pangangen-angene Purwati ora kaleksanane kanthi mulus. Dheweke ora antuk panyengkuyung saka simboke lan dulur-dulure kang katuduhake lumantar pethikan ing ngisor iki.

Sawijine dina Purwati nagih marang budhene lan lik-like, ora diwenehna malah disemprot karo swara-swara kang ora ngepenakna. Madul marang simbokne malah disrengeni ora karuwan. Alasane simboke wis ora nduwe daya apa-apa, pancen uripe mung nunut pangan lan rasane ora kepenak. (Tulus, 2017:1-2)

Purwati dudu wanita kang aneh-aneh. Kekarepane dheweke sajak becik kanggo golek panggawean kang cukup. Nanging kabeh pangangen-angene dadi sirna nalika ngerti yen dulur-dulure ora awèh pangestu nalika dheweke kepengin njaluk sawah tinggalane bapake maneh. Wiwit telung taun kepungkur, Purwati isih sabar marang janjine dulur-dulure bapake. Nanging suwe-suwe dheweke ora sabar amarga janjine ora ditepati. Sakala kagete Purwati bareng krungu ana tembung-tembung kang ora kepenak metu teka tutuke pak cilike, budhe lan bulike. Atine Purwati tansaya diiris-iris bareng dheweke weruh yen simboke uga ora awèh panyengkuyung marang dheweke.

Simboke Purwati nduweni alasan dheweke ora awèh panyengkuyung. Kahanan awak kang asring laralaranen lan ora bisa tandang gawe kang abot ndadekake simboke ora wani ngekang dulur-dulure. Batine simboke pancen sawise bojone ninggal Purwati lan simboke kerep nunut pangan. Banjur ora wani yen kepengin njaluk aneh-aneh menyang pawongan kang wis lila dinunuti. Nanging Purwati sajak ora trima lan kebak pitakonan ngapa dulur-dulure tega nyatoni atine kaya mangkono. Kamangka dheweke lan simboke wis ikhlas yen sasuwene iki sawah kang dadi hake bapake digarap dening dulur-dulure. Ora antuke dhukungan saka simboke lan dulur-dulure liyane ndadekake Purwati lunga tanpa pamit. Lunga kanthi kahanan kang kaya mangkono kang njalari Purwati kepengin bisa mandhiri lan bisa nyukupi kabutuhan dhewe tanpa gumantung marang liyan.

Upaya Paraga kanggo Dadi Wanita Mandhiri sajrone Novel *Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi*

Upaya minangka salah sawijine tumindak kanggo nggayuh sawijine maksud tartamtu. Lumrahe ditrepake kanggo ngrampung masalah utawa pepalang sajrone panguripan. Ngrampung masalah utawa pepalang minangka proses pikir kang paling kompleks, tegese mbutuhake proses utawa ketrampilan kang linuwih tinimbang proses pikir liyane. Saben manungsa kang urip nduweni pepalang kang beda-beda lan uga mbutuhake upaya kang beda-beda kanggo ngrampung. Nanging, ora kabeh manungsa bisa ngrampung perkara lan pepalang kanthi becik. Manungsa kang ora bisa ngrampung kanthi becik tegese dheweke nduweni pikiran kang cupet. Bisa kerana wawasan kang kurang amba utawa sosialisasine marang masyarakat kurang.

Panganggit nggambarake paraga utama aran Purwati ngupayakake apa wae kanggo ngrampung pepalang. Purwati nduweni kekarepan pengin dadi wanita kang mandhiri. Wanita kang bisa nyukupi kabutuhan dhewe tanpa gumantung marang liyan. Kahanan kang ana ing kaluwargane ndadekake Purwati minggat saka omah lan kepengin nyambut gawe adoh saka desa. Tumindak

kang dilakoni dening Purwati nuwuhake perkara kang bot sawise dheweke tekan Jogjakarta. Dheweke bingung anggone turu menyang ngendi, saliyané iku dheweke uga ora nduwe sangu kang cukup kanggo nyewa papan paturon kanggo pirang-pirang dina. Upaya kang ditindakake dening Purwati bakal diwedhar siji mbaka siji ing ngisor iki.

Mempeng Anggone Nggayuh Kekarepan

Purwati salah sawijine manungsa kang digambarake panganggit nduweni kekarepan kanggo mandhiri lan bisa nyukupi kabutuhan dhewe. Tekade Purwati kang sajak gedhe pancen ana panjurunge. Anane kaluwargane ing ndesa kang asring ngasorake dheweke lan urip kang sarwa kakurangan ndadekake Purwati kepengin ngowahi uripe. Panganggit nggambarake Purwati minangka wanita kang mempeng anggone nggayuh kekarepane. Mpenge Purwati amarga dheweke kepengin mbuktekake marang liyan yen dheweke bisa uwal saka kahanan kang sajak mrihatinake.

Telung dina Purwati manggon ing omahe Mbah Riyem. Dhasar isih bocah pikirane isih kelingan simboke terus. Apamanèh kahanane wong tuwa siji-sijine kuwi wis ringkih. Rasane ora tega banget menawa arep ninggal, banjur thukul kepengin bali maneh. Nanging, bareng kelingan tembung-tembung lik-like lan sikape simboke, batine mbalik kukuh kepengin mandhiri lan adoh saka wong-wong kuwi. Tekade ora bakal bali menawa durung bisa mandhiri. Purwati bisane mung mbrebes wae kelingan marang lakone. (Tulus, 2017:15)

Minggate Purwati nalika dheweke kepengin njaluk sawah tinggalane bapake dijuluk lan arep disewakake kanggo paitan nyambut gawe, nanging dheweke malah diuneni nganggo tembung-tembung kang sarwa ora ngepenakake dening dulur-dulure. Purwati diuneni goblok, cengoh, lan urip bisane mung nunut. Krungu tembung-tembung kang kaya mangkono ndadekake Purwati wadul marang simboke. Nanging simboke uga ora awèh panyengkuyung marang dheweke. Alasane simboke supaya Purwati ora nindakake bab kang aneh-aneh amarga uripe pancen selawase iki mung nunut.

Tumindake dulur-dulure lan simboke nuduhake tumindak diskriminasi tumrap wanita. Dulur-dulure ngasorake Purwati lan nganggep yen wanita mlarat kaya dene Purwati nganti sok isane mung nunut lan gumantung marang liyan. Amarga tekade Purwati kanggo mandhiri lan uwal saka kahanan kaya mangkono, ndadekake dheweke ngadoh saka simbok lan dulur-dulure kang ora awèh panyengkuyung kanggo dheweke bisa sukses. Pethikan ing ndhuwur uga nuduhake yen Purwati ora gelem mbalik menyang ndesa menawa durung bisa mandhiri lan mbuktekake marang dulur-dulure yen dheweke bisa nyukupi kabutuhan dhewe tanpa gumantung marang liyane

Saiki menawa esuk Purwati ngrewangi Mbah Riyem dadi kuli gendhong. Menawa wengi meneng-meneng dadi tukang pijet ing Pasar Kembang. Awan utawa Mbah Riyem menawa takon kerja ing ngendi, wangsulane Purwati

melu rewang ngisahi piring ing warung-warung sing mbutuhake. (Tulus, 2017:53)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Purwati ngayahi rong panggawean. Kekarepane Purwati kang gedhe njurung dheweke nekad ngayahi panggawean-panggawean kasebut. Dadi tukang pijet pancen wis lumrah yen wanita kang nindakake. Nanging kanggone wanita kang isih kenya dudu bab kang lumrah. Apamaneh anggone dadi tukang pijet kudu mangkal lungguh-lungguh ing pinggir dalan cedhake Pasar Kembang. Panggonan kasebut uga asring didadekake papan kanggo tumindak nistha. Senajan panggawean kasebut cedhak bebaya, isih ditindakake dening Purwati supaya bisa nyelengi. Menawa dadi buruh gendhong pancen panggawean kang kudu ditindakake Purwati kanggo nyambung urip. Wiwitan ana ing kutha prantauan mung panggawean kasebut kang kudu ditindakake amarga cupete informasi kanggo Purwati antuk panggawean.

Saking gedhene semangat Purwati kanggo nggayuh kekarepane. Dheweke kasil ngedekake angkringan. Tanpa dinyana dheweke nduweni cabang saka angkringan nganti cacah suwel. Rewange uga ana limas, nanging durung kalebu kang rerewang olah-olah. Angkringane Purwati wis dikenal dening masyarakat. Cabange sumebar wiwit saka Bantul, Prambanan, kutha Jogja nganti Sleman. Saking semangat Purwati uteke nganti ora mandheg-mandheg anggone arep ngedhekna usahane. Nalika eruh wong dodolan mesthi dilirik-lirik lan ditimbang-timbang bisa orane didadekake usahane. Awan lan Mbah Riyem nganti rumangsa jeleh marang karepe Purwati saben-saben dijak rembugan kanggo terus nggedhekne usahane. Mbah Riyem mung bisa menehi piweling lan wanti-wanti supaya Purwati ora seneng ngaja-aja banjur nuwuhake rasa kamurkan. Kahanane Purwati kang kaya mangkono wis bisa mbuktekake marang liyan yen dheweke ora pantes diasorake.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar asile panliten ngenani *Wanita Mandhiri sajrone Novel Ringin Garing Anggitane Tulus Setiyadi* bisa didudut menawa paraga utama wanita kang digambarake dening panganggit bisa ngowahi panguripane dhewe lan nggayuh kekarepane kanthi merjuwangake hak-hak wanita menyang panguripan kang pantes kanthi mandhiri. Wanita mandhiri kang digambarake sajrone novel yaiku makarya kang arupa dadi buruh gendhong lan dadi tukang pijet. Saliyane kuwi bisa mungkasi prakara dhewe uga gambarake menawa dhewe minangka wanita kang mandhiri.

Ana maneka warna bab kang njurung paraga utama dadi wanita kang mandhiri yaiku disiya-siya dening kaluwarga dadi bab kang njurung paraga utama dadi wanita mandhiri. Saliyane kuwi alasan liyane minggat saka omah amarga ora betah marang sikap kaluwargane marang dheweke.

Pepalang kang diadhepi dening paraga utama yaiku ora antuk panyengkuyung saka kaluwargane. Bab kasebut ndadekake dheweke ngupaya kanthi tumemen

supaya bisa mbuktekake marang kaluwargane. Upayane paraga utama dadi wanita mandhiri yaiku mpenang anggone nggayuh kekarepan kanggo mbuktekake yen dheweke bisa sukses tanpa priya lan wong tuwa.

Bab kasebut jumbuh marang teori feminisme kang merjuwangake hak-hak kaum wanita ing sektor publik. Upaya kang ditindakake paraga utama uga nuduhake sawijine tumindak kanggo merjuwangake hak-hak wanita minangka manungsa kang mardika. Adhedhasar tintingan kasebut mula novel *Ringin Garing* bisa dijlentrehake ngenani gegambaran wanita mandhiri, bab kang njurung paraga utama dadi wanita mandhiri, pepalang kang diadhepi paraga utama, lan upaya paraga utama supaya dadi wanita mandhiri.

Pamrayoga

Novel *Ringin Garing* anggitane Tulus Setiyadi minangka salah sawijine reiptan fiksi kang ngandhut *inspirasi* tumrap pamaca. Panliten iki diajab supaya bisa dadi patuladhan tumrap wanita ing jaman modern supaya dadi wanita kang mandhiri. Wanita kudu sadhar yen dheweke pantes antuk pakurmatan senajan manggen luwih asor tinimbang priya. Wanita uga kudu bisa nuduhake eksistensine menyang masyarakat lan mbangun kapercayan marang dhiri pribadine. Amarga lumrahe ing jaman modern wanita kudu bisa tumindak dhewe tanpa gumantung marang priya lan wong tuwa.

Panliten iki diajab bisa kanggo nguri-uri kasusastran Jawa kang dirasa kurang antuk kawigaten tumrap masyarakat Jawa modern utamane tumrap wanita Jawa modern. Panliten iki uga bisa dadi seserepan tumrap panliti sastra lan tansah migunani tumrap pamaca. Sajrone panliten iki isih akeh kakurangane, mula panliti nyuwun pamrayoga saka para pamaca amrih sampurnane panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Ali, M. 2005. *Psikologi Remaja (Perkembangan Peserta Didik)*, Jakarta: Rineka Cipta.
- Aminuddin. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh Malang (YA3 Malang).
- Anshori, Dadang S. dkk. 1997. *Membicarakan Feminisme: Refleksi Muslimah Atas Peran Sosial Kaum Wanita*. Bandung: Pustaka Hidayah.
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Azis, Asmaeny. 2007. *Feminisme Profetik*. Yogyakarta: Kreasi Wacana.
- Darni. 2007. *Bahan Ajar Perempuan dalam Kritik Sastra*. Surabaya: Unesa University Press.
- _____. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Unesa University Press.

Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra: Sebuah Penjelajahan Awal*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Gamble, Sarah. 2010. *Pengantar Memahami Feminisme & Postfeminisme*. Yogyakarta: Jalasutra.

Mulawarman, Widyamike Gede. 2016. *Pengantar Gender dan Feminisme: Pemahaman Awal Kritik Sastra Feminisme*. Yogyakarta: Garudhawaca.

Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

Sarwono, Sarlito Wirawan. 1998. *Psikologi Sosial*. Jakarta: Rineka Cipta.

Siswanto. 2004. *Metode Penelitian Sastra Analisis Psikologi*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.

Suharto, Sugihastuti. 2015. *Kritik Sastra Feminisme: Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.

Suwarni. 2014. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: CV. Bintang.

Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Dunia Pustaka Jaya.

Internet

Aswiyati, Indah. 2016. *Peran Wanita Dalam Menunjang Perekonomian Rumah Tangga Keluarga Petani Tradisional Untuk Penanggulangan Kemiskinan Di Desa Kuwil Kecamatan Kalawat*, (Online), (<https://media.neliti.com/media/publications/981-ID-peran-wanita-dalam-menunjang-perekonomian-rumah-tangga-keluarga-petani-tradision.pdf>, kaunduh 6 September 2018).

Pujiyanti, Ratna. 2012. *Pengaruh Sikap Mandiri dan Kesejahteraan Terhadap Etos Kerja Karyawan PT. NOHHI Indogrogol Sukoharjo*, (Online), ([http://eprints.ums.ac.id/20988/12/Jurnal Penelitian.pdf](http://eprints.ums.ac.id/20988/12/Jurnal_Penelitian.pdf), kaunduh 6 September 2018).

Hartatik, Sri. 2015. *Pengertian dan Ciri kemandirian (Mandiri)*, (Online), ([https://www.academia.edu/23345524/Pengertian dan Ciri Kemandirian Mandiri](https://www.academia.edu/23345524/Pengertian_dan_Ciri_Kemandirian_Mandiri), kaunduh 8 September 2018.)